मैथिली (Sub) ① बसंत कुमार

बी०ए० (Sub) पार्ट-II अतिथि शिक्षक

दिनांक 24-07-2024

प्रकरण - मिथिला नाटक

नाटकक आरंभ राम-सीताक वंदना सँ शुरु होइत अछि। सूत्रधार आ नटीक वार्तासँ आरंभ होइछ। सूत्रधार घोषित करैत छथि - ई सभा त' सौराष्ट्रहु सभासँ विशिष्ट शोभमान अछि तेँ हम आब सौराष्ट्र सभा नहि जायब। एतइ सकल गुण सागर समाजक बीच अभिनय करब उचित होयत। सूत्रधार गृहिणी कें बजाय परामर्श करय छथि।

तत्पश्चात हुनूक परामर्शक उपरांत नाटकक अभिनय, सम्वाद व्यक्त करैत छथि।

नटी, सूत्रधार दिश कटाक्ष करैत कहय छथि अखन सभाक यात्रा शुरु केलहु अछि फेर हमरा कियाक बजाओलहु।

सूत्रधार आ नटीकेँ कन्यादान छनि, एहि सम्बन्धमे संक्षिप्त चर्चाक बाद, नटी - एहि मिथिलामे आब की, की नहि देखब। अर्थात समयक संग सब किछु बदलि रहल अछि।